

# Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk Fòmilè Plent

Divizyon dwa moun nan envestige plent moun depoze poutèt diskriminasyon ki baze sou :

- Laj (*si ou genyen omwen 18 tan*)
- Dosye Arestasyon, avèk dosye jèn delenkan oubyen dosye kondanasyon ki sele ladan yo
- Dosye Kondanasyon
- Kwayans / Relijyon (*Kwayans relijye, koutim oubyen obsèvangs*)
- Andikap (*yon kondisyon mantal oubyen fizik*)
- Eitati Viktim Vyolans Domestik
- Eta Sivil (*si ou ansent oubyen genyen timoun pi piti pase 18 an nan kay la*)
- Pre-dispozisyon Karakteristik Jenetik (*enfòmasyon nan yon tès jenetik*)
- Sitiyasyon Familyal (*selibatè, marye, separe, divòse, vèf/vèv*)
- Sitiyasyon Militè (*ak rezèv militè ladan li*)
- Orijin Nasyonal (*peyi kote ou menm oubyen zansèt ou yo te fèt*)
- Ras/Koulè (*paske ou se yon Azyatik, Nwa, Endyen, Blan, elatriye; etnisite ladan li*)
- Vanjans (*si anplwayè ou te pran aksyon kont ou paske ou te pote plent oubyen te kont diskriminasyon, oubyen te patisipe nan yon envestigasyon diskriminasyon*)
- Sèks (*baze sou si ou se yon fanm oubyen gason, estereyotip seksyèl, asèlman seksyèl oubyen diskriminasyon akòz de gwosès*)
- Preferans Seksyèl (*etewo-seksyèl, omo-seksyèl, bi-seksyèl, aseksye, oubyen se sa moun panse*)
- Kondisyon ki gen rapò ak gwosès (*yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman*)
- Eitati Sitwayènte oswa Imigrasyon
- Idantite oswa ekspresyon sèks (*idantite sèks aktyèl oswa pèsepsyon ki gen rapò ak sèks, aparans, konpòtman, ekspresyon, oswa lòt karakteristik ki gen rapò ak sèks kèlkeswa sèks yo bay moun sa a lè nesans la, ki gen ladan, men pa limite a, estati transganr*)
- **Sous Revni Legal** (*ki gen ladan, men se pa sa sèlman, sipò pou timoun, pansyon alimantè, sibvansyon swen adoptif, benefis sekirite sosyal, oswa nenpòt kalite asistans piblik oswa asistans lojman, ki gen ladan Seksyon 8 ak lòt bon lojman*)
- **Relasyon oswa Asosyasyon** (*avèk yon manm oswa manm yon kategori pwoteje ki nan lis pi wo a*)

Divizyon an envestige plent yo sèlman si diskriminasyon an baze sou youn oubyen plis nan rezon yo ki anlè a. Divizyon an pap ka envestige tretman enjis ki pa genyen youn nan rezon sa yo ladan li. Si ou pa wè anyen nan lis sa a ki aplike a sitiyasyon ou an, tanpri kontakte Division of Human Rights (Divizyon Dwa Moun) nan pou pale an youn nan anplwaye yo.

# Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk Fòmilè Plent

## Enstriksyon

### Si ou ta renmen pote plent ak Divizyon Dwa Moun nan :

1) Tanpri ranpli fòm plent lan, reponn tout kesyon yo. Si w ap ranpli fòm nan sou yon òdinatè, tanpri enprime l imedyatman lè w fini. Ou gendwa pa kapab sove fòm ranpli a. Si sa posib, tanpri tape. Si w ap ranpli fòm nan alamen, tanpri enprime. Tanpri pa ekri nan maj yo oswa sou do fòm sa a.

Tanpri sonje: Yon reta ka rive nan depoze ak investigasyon plent ou a si fòm nan pa ranpli byen oswa si enfòmasyon ou bay yo pa lizib.

2) Notè pa yon kondisyon ankò pou fòm sa a. Pou moun ki pa vle sèvi ak yon notè, ou ka ranpli seksyon deklarasyon an apre ou fin ranpli fòm nan. Opsyon deklarasyon an pa mande pou notarye; ou bezwen sèlman ranpli espas vid yo ak dat la ak kote ou (vil, eta), epi siyen deklarasyon an. Seksyon sèman an toujou disponib, men si w itilize opsyon sa a w ap bezwen siyen devan yon notè.

3) Tache kopi nenpòt dokiman ou panse ki pral ede Divizyon an mennen ankèt sou ka w la.

4) Retounen fòm plent lan nan biwo ki pi pre w la. Gade paj kap vini an pou jwenn lis biwo yo. Ou ka retounen plent lan pa lapòs oswa livrezon pèsònèl.

5) Kenbe yon kopi plent ou a, ak kopi nenpòt dokiman ou tache, pou pwòp dosye ou.

6) Yo dwe retounen plent ki ranpli a bay Divizyon an san pèdi tan. Apre Divizyon an aksepte plent ou a, y ap voye fòm sa a bay konpayi oswa moun w ap akize pou diskriminasyon an.

POU ZAK KI GENYEN ANVAN 2/15/2024, ou dwe depoze plent ou nan yon ane apre dènye zak diskriminasyon swadizan an. Si yo te revoke w, ou dwe ranpli nan yon ane apre dat yo te fè w konnen w t ap revoke.

POU ZAK KI TE GENYEN OU APRÈ 2/15/2024, ou dwe depoze plent ou nan twazan apre dènye zak diskriminasyon swadizan an. Si yo te revoke w, ou dwe ranpli twazan apre dat yo te fè w konnen w t ap revoke w.

***Si ou genyen nenpòt kesyon, vle enfòmasyon, oubyen bezwen èd pou ranpli fòmilè a, tanpri rele youn nan biwo nou yo (gade Paj 9) pou pale ak yon anplwaye oubyen pou pran yon randevou pou yon rankont pèsònèl.***

# Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk Fòmilè Plent

## ENFÒMASYON SOU KONTAK

Enfòmasyon pou kontakte mwen :

Non : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_ Nimewo Apatman oswa Etaj : \_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Kòd Postal : \_\_\_\_\_

## DOMÈN KI REGILE

Mwen kwè yo fè diskriminasyon kont mwen nan domèn sa a :

- |   |  |  |
|---|--|--|
| <input type="checkbox"/> Travay   | <input type="checkbox"/> Edikasyon   | <input type="checkbox"/> Ponpye Volontè                  |
| <input type="checkbox"/> Fòmasyon Aprantisay  | <input type="checkbox"/> Bòykòte/Mete Sou Lis nwa                          | <input type="checkbox"/> Kredi                           |
| <input type="checkbox"/> Akomodasyon Piblik<br>(Restoran, magazen, otèl, sinema,<br>pak atraksyon, elatriye.) | <input type="checkbox"/> Lojman<br><input type="checkbox"/> Espas Komèsyal | <input type="checkbox"/> Sendika Travay,<br>Ajans Travay |

Mwen ap pote yon plent kont :

Non Konpayi oubyen lòt non : \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

Vil : \_\_\_\_\_ Eta : \_\_\_\_\_ Kòd Postal : \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn : \_\_\_\_\_  
(kòd rejyon an)

Moun ki te fè diskriminasyon kont mwen an :

Non : \_\_\_\_\_ Non : \_\_\_\_\_

Tit : \_\_\_\_\_ Tit : \_\_\_\_\_

## DAT DISKRIMINASYON AN

Dat diskriminasyon pi resan an te pase:

\_\_\_\_\_ mwa

\_\_\_\_\_ jou

\_\_\_\_\_ ane

## **BAZ DISKRIMINASYON AN**

Tanpri tcheke youn oubyen plis nan ti kare yo ki pi ba a pou di nou poukisa yo te fè diskriminasyon kont ou.

Ou pa bezwen bay enfòmasyon pou chak tip diskriminasyon sou lis sa a. Avan ou tcheke yon ti kare, pa bliye se sèlman si ou panse li te yon rezon pou diskriminasyon an ou dwe tcheke li. Tanpri gade lis ki nan Paj 1 pou jwenn yon eksplikasyon sou chak kalite diskriminasyon.

**Tanpri pa bliye :** Genyen yon seri de diskriminasyon sou lis sa a ki pa aplike a tout domèn regile yo ki site sou Paj 3 a. (Pa egzanp, Dosye Kondanasyon aplike sèlman pou plent Travay ak Kredi, epi eta sivil sèlman yon baz nan plent pou Lojman ak Kredi). Eksepsyon sa yo site akote tip diskriminasyon sa yo pi ba a.

### **Mwen kwè yon te fè diskriminasyon kont mwen akòz de :**

<input type="checkbox"/> <b>Laj Mwen</b> ( <i>Sa pa aplike a Akomodasyon Piblik</i> ) Dat nesans :	<input type="checkbox"/> <b>Pre-dispozisyon Karakteristik Jenetik Mwen</b> ( <i>Travay sèlman</i> ) Tanpri esplike :
<input type="checkbox"/> <b>Dosye Arestasyon Mwen</b>	<input type="checkbox"/> <b>Eta Sivil Mwen</b> Tanpri esplike :
<input type="checkbox"/> <b>Dosye Kondanasyon Mwen</b> ( <i>Travay ak Kredi sèlman</i> )	<input type="checkbox"/> <b>Sitiyasyon Militè Mwen</b> Tanpri esplike:
<input type="checkbox"/> <b>Kwayans / Relijyon Mwen</b> Tanpri esplike :	<input type="checkbox"/> <b>Orijin Nasyonal mwen</b> Tanpri esplike :
<input type="checkbox"/> <b>Andikap Mwen</b> Tanpri esplike :	<input type="checkbox"/> <b>Ras/Koulè Oubyen Etnisite Mwen</b> Tanpri esplike :
<input type="checkbox"/> <b>Estati Viktim Vyolans Domestik Mwen :</b>	<input type="checkbox"/> <b>Sèks Mwen</b> <input type="checkbox"/> <b>Gwosès</b> <input type="checkbox"/> <b>Asèlman Seksyèl</b>
<input type="checkbox"/> <b>Sitiyasyon Familyal</b> ( <i>Lojman ak Kredi sèlman</i> ) Tanpri esplike :	<input type="checkbox"/> <b>Preferans Seksyèl Mwen</b> Tanpri esplike :
<b>Kondisyon ki gen rapò ak gwosès</b>	<b>Idantite oswa ekspresyon sèks</b>
<b>Sous Revni Legal</b>	<b>Estati Sitwayènte oswa Imigrasyon</b>
<input type="checkbox"/> <b>Vanjans</b> Tanpri esplike :	
<i>Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou akòz relasyon w oswa asosyasyon w avèk yon manm oswa manm yon kategori ki pwoteje ki nan lis pi wo a, endike kategori ki enpòtan anlè a, epi tcheke anba a.</i>	
<input type="checkbox"/> <b>Relasyon oswa Asosyasyon</b>	

Avan ou tounen paj la, tanpri tcheke lis sa a pou asire ke ou te bay enfòmasyon **sèlman** pou kalite diskriminasyon ki gen rapò ak plent ou a.

## DISKRIMINASYON NAN TRAVAY

Tanpri reponn kesyon yo ki nan paj sa a sèlman si ou yo tè diskriminasyon kont ou nan domèn travay ou. Sinon, tounen paj la.

### Konbyen anplwaye konpayi sa a genyen ?

- a) 1-3      b) 4-14      c) 15 ou plis      d) 20 ou plis      e) Pa konnen

### Èske w ap travay pou konpayi a kounye a ?

**Wi**

Dat yo te anplwaye w:

( \_\_\_\_\_ )  
Mwa      jou      ane

**Non**

Dènye jou travay ou:

( \_\_\_\_\_ )  
Mwa      jou      ane

**Konpayi a pa te anplwaye mwen**

Dat ou te aplike :

( \_\_\_\_\_ )  
Mwa      jou      ane

## ZAK DISKRIMINASYON AN

Kisa moun/konpayi w ap pote plent pou li a te fè ou ? Tanpri tcheke tout sa ki aplike.

- Te refize anplwaye mwen
- Te revoke mwen / voye mwen lakay mwen
- Pa te rele mwen apre yo te voye mwen lakay mwen
- Te redwi grad mwen
- Te sispann mwen
- Te asele mwen seksyèlman
- Te asele oubyen entimide mwen (diferan de asèlman seksyèl)
- Te refize ban mwen fòmasyon
- Te refize ban mwen yon pwomosyon oubyen ogmantasyon sou salè mwen
- Te refize ban mwen jou konje oubyen lòt alokasyon
- Te peye mwen yon salè ki pi ba pase sa yo peye lòt anplwaye ak menm tit la
- Te ban mwen travay ki diferan oubyen pi mal pase sa yo bay anplwaye ki genyen menm tit ak mwen
- Te refize ban mwen akomodasyon pou andikap mwen
- Te refize ban mwen akomodasyon pou koutim relijye mwen
- Te ban mwen avi disiplinè oubyen evalyasyon pèfòmans ki negatif

Lòt. Esplike : \_\_\_\_\_

## DISKRIMINASYON NAN LOJMAN

Tanpri reponn kesyon yo ki nan paj sa a sèlman si ou yo tè diskriminasyon kont ou nan domèn lojman ou. Sinon, tounen paj la.

### Kimoun ki te fè diskriminasyon kont ou ?

- Konstriktè       Bank oubyen lòt kote ki prete       Manadjè / Responsab  
 Pwopriyetè/mèt kay       Moun ka p vann       Lòt moun : \_\_\_\_\_  
 Komite Koperatif       Asosiyasyon Kondo

### Kijan de pwopriyete sa te ye ?

- Kay endividyèl       Kay mobil       Batiman ki genyen 2-4 apatman  
 Diplèks       Espas Komèsyal       Batiman ki genyen 5 oubyen plis apatman  
 Lòt; esplike : \_\_\_\_\_

### Èske pwopriyetè a abite sou pwopriyete a ?      Wi      Non

### Èske yo t ap vann oubyen lwe pwopriyete sa a ?

- Vann       Lwe

### Adrès pwopriyete a :

Nimewo Apatman oswa Etaj : \_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_      Eta: \_\_\_\_\_      Kòd Postal: \_\_\_\_\_

### Èske se la a w abite kounye a ?

- Wi       Non

## ZAK DISKRIMINASYON AN

### Kisa moun w ap pote plent pou li a te fè ou ? Tanpri tcheke tout sa ki aplike.

- Te refize lwe oubyen vann mwen  
 Te mete mwen deyò / menase pou mete mwen deyò  
 Te refize ban mwen aksè akòz de andikap mwen  
 Te refize ban mwen kontra, privilèj, oubyen etablisman egal ke lòt lokatè yo te jwenn  
 Te fè diskriminasyon kont mwen nan lweyaj ak finansman  
 Te fè piblisite yon fason ki fè diskriminasyon  
 Te agrese mwen akòz de sèks, orijin nasyonal, ras, andikap mwen, elatriye  
 Lòt ; esplike : \_\_\_\_\_



## Siyati (Deklarasyon oswa Sèman)

Daprè enfòmasyon ki nan fòmilè sa a, mwen akize Defandè non li ekri anlè a de yon pratik ilegal ki fè diskriminasyon, ki vyole (Lwa sou Dwa Moun nan Eta Nouyòk).

Depi mwen depoze plent sa a, mwen konprann ke mwen tou ap depoze plent travay mwen an ak Komisyon Egalite Opòtinite nan Travay Ozetazini (EEOC) sou Lwa pou Ameriken ki Andikape (ADA) a (kouvri andikap ki gen rapò ak travay), Tit VII nan Lwa sou Dwa Sivil 1964, jan li te modifiye a (kouvri ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks ki gen rapò ak travay), ak/oubyen Lwa sou Diskriminasyon Laj nan Travay, jan li te modifiye a (kouvri laj 40 an oubyen plis nan travay), oubyen depoze plent lojman/kredi mwen an ak HUD sou Tit VII Lwa Federal sou Ekite nan Lojman, jan li modifiye a (kouvri zak diskriminasyon nan lojman), jan li aplikab la. Plent sa a pral pwoteje dwa ou sou Lwa Federal.

Nan dokiman sa a, mwen otorize Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk pou aksepte plent sa a nan non Komisyon Etazini sou Egalite Chans pou Jwenn Travay (EEOC) a, ki depann sou limitasyon jiridik yo ki nan lwa ki anlè yo ak/oubyen pou aksepte plent sa a nan non Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini a pou revize ak pou yo fè plis klasman, ki depann sou limitasyon legal yo ki nan lwa ki anlè yo.

Mwen pokò depoze okenn lòt aksyon sivil, epi mwen pa genyen okenn aksyon ki ann atant devan okenn ajans administratif, sou labaz okenn lwa Eta oubyen lokal, epi ki baze sou menm pratik ilegal ki fè diskriminasyon kont moun.

Lwa sou Dwa Moun § 297.1 egzije pou yon plent depoze nan Divizyon Dwa Moun dwe fèt "sou sèman oswa sou deklarasyon." Ou dwe ranpli swa seksyon "deklarasyon" oswa sèman ki anba a. Deklarasyon an egzije sèman siyati w epi li pa bezwen notarye. Sèman an mande pou w siyen l devan yon notè.

### DEKLARASYON

Mwen konfime \_\_\_\_\_ jou sa a nan \_\_\_\_\_ (mwa), \_\_\_\_\_ (ane) nan \_\_\_\_\_ (vil), \_\_\_\_\_ (eta), anba penalite pou fo temwayaj, ke mwen se moun ki pote plent nan la a; ke mwen te li (oswa te li pou mwen) plent ki pi wo a epi mwen konnen sa ki ladan l; ke se menm bagay la vre nan pwòp konesans mwen eksepte nan zafè ki ladan l deklare sou enfòmasyon ak kwayans; e ke konsènan zafè sa yo, mwen kwè menm bagay la se vre.

\_\_\_\_\_  
Siyen tout non legal ou

### SÈMAN

\_\_\_\_\_, li te fè sèman kòmsadwa, depoze epi li di: ke mwen se moun ki pote plent nan la a; ke mwen te li (oswa te li pou mwen) plent ki pi wo a epi mwen konnen sa ki ladan l; ke se menm bagay la vre nan pwòp konesans mwen eksepte nan zafè ki ladan l deklare sou enfòmasyon ak kwayans; e ke konsènan zafè sa yo, mwen kwè menm bagay la se vre.

\_\_\_\_\_  
Siyen tout non legal ou

Depoze ak sèmante devan mwen  
Jou \_\_\_\_\_ mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati Notè Piblik la

Konte: \_\_\_\_\_ Komisyon mwen ekspire :

**Tanpri pa bliye : Depi ou fin notarye ak remèt fòmilè sa a bay Divizyon an, li vin yon dokiman jiridik ak yon plent ofisyèl nan Divizyon Dwa Moun nan. Apre divizyon an aksepte plent ou an, li pral voye fòmilè sa a bay konpayi oubyen moun (yo) ou ap akize de diskriminasyon an.**



## **Biwo Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk yo**

*Si ou ta renmen kontakte Divizyon an, tanpri kontakte biwo ki pi pre ou a.*

### **Katye Jeneral:**

NYS Division of Human Rights  
One Fordham Plaza, 4<sup>th</sup> floor  
**Bronx, NY 10458**

### **Albany**

NYS Division of Human Rights  
Agency Building 1, 2nd Floor  
Empire State Plaza  
Albany, New York 12220  
No. Telefòn (518) 474-2705

### **Binghamton**

NYS Division of Human Rights  
44 Hawley Street, Sal 603  
Binghamton, New York 13901  
No. Telefòn (607) 721-8467

### **Brooklyn**

NYS Division of Human Rights  
55 Hanson Place, Sal 304  
Brooklyn, New York 11217  
No. Telefòn (718) 722-2856

### **Buffalo**

NYS Division of Human Rights  
Main Place Tower, 350 Main Street,  
10th Floor, Suite 1000B  
Buffalo, New York 14202  
No. Telefòn (716) 847-7632

### **Long Island (Nassau)**

NYS Division of Human Rights  
50 Clinton Street, Suite 301  
Hempstead, New York 11550  
No. Telefòn (516) 539-6848

### **Long Island (Suffolk)**

NYS Division of Human Rights  
New York State Office Bldg.  
250 Veterans Memorial Highway, Suite 2B-49  
Hauppauge, New York 11788  
No. Telefòn (631) 952-6434

### **Manhattan (Upper)**

NYS Division of Human Rights  
Adam Clayton Powell State Office Building  
163 West 125th Street, 4yèm Etaj  
New York, New York 10027  
No. Telefòn (212) 961-8650

### **Rochester**

NYS Division of Human Rights  
One Monroe Square  
259 Monroe Avenue, Suite 308  
Rochester, New York 14607  
No. Telefòn (585) 238-8250

### **Syracuse**

NYS Division of Human Rights  
333 E. Washington Street, Sal 543  
Syracuse, New York 13202  
No. Telefòn (315) 428-4633

### **White Plains**

NYS Division of Human Rights  
No. Telefòn (914) 989-3120

### **Office of Sexual Harassment Issues**

#### **Biwo pou Zafè Asèlman Seksyèl**

NYS Division of Human Rights  
55 Hanson Place, Sal 900  
Brooklyn, New York 11217  
No. Telefòn (718) 722-2060

## ENFÒMASYON ADISYONÈL

Twa paj k ap vini yo se pou dosye Divizyon an epi nou pap voye yo ak rès plent ou a.

### Enfòmasyon pou kontakte m

Premye nimewo telefòn mwen se :

Dezyèm nimewo telefòn mwen se :

\_\_\_\_\_  
(kod rejyon an)  
\_\_\_\_ telefòn lakay  
\_\_\_\_ telefòn travay  
\_\_\_\_ telefòn selilè  
\_\_\_\_ lòt \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
(kod rejyon an)  
\_\_\_\_ telefòn lakay  
\_\_\_\_ telefòn travay  
\_\_\_\_ telefòn selilè  
\_\_\_\_ lòt: \_\_\_\_\_

Adrès imèl mwen : \_\_\_\_\_

Dènye kat chif Nimewo Sekirite Sosyal mwen : \_\_\_\_\_

Moun pou kontakte (*yon moun ki pa abite avèk ou men pral konnen fason pou kontakte ou si Divizyon an pa ka jwenn ou*):

Non : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_  
(kòd rejyon an)

Sa li ye pou mwen : \_\_\_\_\_

### Bezwen Espesyal

Mwen bezwen: a) Yon tradiktè (si ou bezwen youn, nan ki lang ?) : \_\_\_\_\_

b) Akomodasyon pou moun ki andikape : \_\_\_\_\_

c) Lòt; esplike : \_\_\_\_\_

### Regleman / Konsilyasyon :

Pou regle plent sa a, mwen t ap aksepte: (*Tanpri eksplike ki rezilta ou ta renmen wè nan plent sa a. Èske ou vle yon lèt eskiz, retounen nan travay ou, ba w ou lajan ou pat touche, yon fen a asèlman an, elatriye?*)

---

---

---

**Temwen :**

**Moun sa yo te wè oubyen te tande diskriminasyon an epi kapab aji tankou temwen :**

Non : \_\_\_\_\_ Pozisyon li nan travay la : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_

Sa li ye pou mwen : \_\_\_\_\_

Kisa moun nan te wè ? : \_\_\_\_\_

Non : \_\_\_\_\_ Pozisyon li nan travay la : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_

Sa li ye pou mwen : \_\_\_\_\_

Kisa moun nan te wè ? \_\_\_\_\_

Non : \_\_\_\_\_ Tit travay : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn : \_\_\_\_\_

Sa li ye pou mwen : \_\_\_\_\_

Kisa moun nan te wè ? \_\_\_\_\_

*Si ou genyen plis temwen, tanpri kontinye ekri non yo sou yon fèy papyè separe epi kole li ak fòmilè plent la. Tanpri pa ekri pa ekri sou do fòmilè sa a.*

**Detay Adisyonèl :**

**Mwen te pote plent sou diskriminasyon an bay :**

*(Si ou te repòte diskriminasyon an, tanpri di si ou te ale kote yon sipèvizè, direktè, pwopriyetè konpayi a, biwo resous imèn ou, sendika w, elatriye.)*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Dat mwen te pote plent la se te :** \_\_\_\_\_

mwa      jou      ane

**Ki kalite plent li te ye :**

*(Kijan ou te pote plent kont diskriminasyon an egzakteman ? Èske ou te pale sa ak yon moun ? Èske ou te ekri yon plent fòmèl oubyen yon doleyans sendikal ? Kisa ou te di ?)*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Men kisa ki te pase apre mwen te pote plent la :**

*(Èske yo te envestige plent ou a ? Èske yo te pran okenn aksyon pou reponn a plent ou a ? Èske diskriminasyon an te rete ? Èske yo te janm pran vanjans kont ou paske ou te pote plent la ?)*

---

---

---

**Mwen pa te pote plent sou diskriminasyon an paske :**

*(Si ou pat janm repòte diskriminasyon an, tanpri eksplike poukisa).*

---

---

---

**Egzanp lòt moun yo te fè diskriminasyon kont yo menm jan yo te fè m nan :**

*(Pa egzanp, moun menm direktè a te asele, disipline oubyen revoke pou menm rezon yo, pat resevwa yon akomodasyon pou menm rezon yo, elatriye.)*

*Si w ap pote plent sou diskriminasyon ki gen rapò ak ras, orijin nasyonal, laj, relijyon, elatriye, tanpri dekri ras, orijin nasyonal, laj ak relijyon yo, elatriye.*

---

---

---

---

---

---

---

**Egzanp lòt moun yo te trete pi byen pase mwen :**

*(Pa egzanp, moun yo pat revoke epi yo te fè menm bagay yo te revoke ou pou li a, moun ki t ap fè menm travay la men t ap touche plis lajan, moun ki te kapab rete nan magazen an pandan yo te di ou sòti, elatriye.)*

*Si w ap pote plent sou diskriminasyon ki gen rapò ak ras, orijin nasyonal, laj, relijyon, elatriye, tanpri dekri ras, orijin nasyonal, laj ak relijyon yo, elatriye.*

---

---

---

---

---

---

---